



Division of Licensing Services

New York State
Department of State
Division of Licensing Services
P.O. Box 22001
Albany, NY 12201-2001
Customer Service: (518) 474-4429
www.dos.ny.gov

Demann yon Revizyon Egzamen

Èske mwen ka revize yon egzamen pou Lisans?

Wi, si ou pa pase yon egzamen, ou ka mande yon revizyon egzamen an. Yon revizyon egzamen ka ede ou detèmine pwen fò ou ak pwen fèb ou, ak domèn kote ou bezwen plis etid anvan ou rebran egzamen an.

Kijan pou mwen mande yon revizyon?

Ou dwe mande yon revizyon egzamen nan espas 60 jou ki vini apre dat egzamen an. Sèlman ranpli fòm ki anba fèy sa a epi voye li bay Depatman Egzamen an (Examination Unit) pa imèl dosexams@dos.ny.gov, pa faks nan nimewo (518) 408-2524 oswa pa lapòs nan NYS Department of State, Division of Licensing Services, Attn: EXAM UNIT, P.O. Box 22001, Albany, N.Y. 12201-2001. W ap ka jwenn enfòmasyon w ap bezwen pou ranpli seksyon "Enfòmasyon Egzamen an" ("Exam Information") nan avi echèk la.

N ap ba ou randevou pou yon revizyon egzamen an nan yon Biwo Depatman-Deta. Se sèl moun ki aplike yo k ap gen pèmasyon pou revize egzamen yo. Ou pa kapab voye yon lòt pou revize egzamen ou; ou pa kapab vini avèk yon lòt moun nan moman sesyon revizyon egzamen an.

Si ou pa kapab patisipe oswa si ou bezwen pran yon lòt randevou pou yon sesyon revizyon, ou dwe kontakte Inite Egzamen an nan nimewo 518-473-2731, omwen yon

semèn anvan dat ki pwograme a. Si ou pa vini san yon motif rezon valab, ou p ap gen pèmasyon pou revize egzamen sa a pidevan. **Sa k ap pase nan yon revizyon egzamen?**

Yon responsab revizyon an ap la pandan sesyon revizyon an. W ap gen apeprè **inèdtan** pou revizyon an. Responsab la **p ap** reponn kesyon sou egzamen an. Oley sa, **l ap ba ou** yon kopi tiliv egzamen an ou te itilize pou egzamen ou, ansanm avèk yon kopi fè repons ou. Y ap mete nòt nan fèy repons lan alamen epi anplwaye Inite Egzamen pou Lisans ap verifiye nòt la anvan sesyon revizyon an. Tout kesyon ou te reponn ki pa t kòrèk yo ap make avèk "X." Yo **p ap** ba ou repons kòrèk yo. Ou ka pote ak itilize dokiman referans, men ou p ap gen pèmasyon pou pran nòt.

Ou ka konteste yon kesyon egzamen an. Pou fè sa, ou dwe fè responsab revizyon an konnen kesyon w ap konteste (yo). N ap voye tout kontestasyon yo ba Inite Devlopman Revizyon Egzamen pou Sèvis Lisans pou yo revize ak reponn.

Tiliv egzamen yo ak fèy repons yo se pwopriyete Depatman-Deta, Divizyon Sèvis Lisans, epi ou **dwe** retounen yo nan fen sesyon revizyon an.

Sonje — ou dwe mande yon revizyon egzamen an nan 60 jou ki vini apre lè ou te pran egzamen an.

Demann Revizyon Egzamen

(TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE KÒRÈKTEMAN)

ENFÒMASYON SOU EGZAMEN

KALITE EGZAMEN

VIL

DAT EGZAMEN AN

LÈ EGZAMEN AN

AM/PM

ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

NON

ADRÈS KAY

VIL

ETA

KÒD POSTA

NIMEWO TELEFÒN POU KONTAKTE OU LAJOUNEN

Tanpri, retounen fòm lan bay Examination Unit la pa imèl nan dosexams@dos.ny.gov, pa faks nan nimewo (518) 408-2524 oswa pa lapòs nan adrès sa:

NYS Department of State
Division of Licensing Services
Attn: EXAM UNIT
P.O. Box 22001
Albany, NY 12201-2001